

*ЛИТЕРАТУРИЯБ ГЬУМЕР*

**Церехъабазул кучIдул**

Стр. 3

*СПОРТ*

**Дунялалъул чемпион**



Стр. 4


# ЛЪАРАТIА



ЛъаратIа районалъул газета

№ 13 * 30 сентябрь 2014 с. Газета биччала моцIида жаниб кIиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


ДАНДЧIВАЙ

# НУХАЛ, ЛЪИМАЛ ВА ЛЪИМ ГЬЕЧIЕЛ КАНАЛАЛ

## Районалъул нухмалъулел гIатIиракьалда ругел районцоялгун дандчIвана



**Сентябрь моцI нилъер районалда лъугьана цIакъго чIагояб, гьарулел хIалтIабиги мажлисалги ва цоги батIи-батIиял данделъабиги гьарзаяб. ГIадатиял чагIазе бокьула, тIад тарав хIакимчияс кIудияб кинабго гIалам разияб хIалтIи гьабичIониги, жидехъеги щун гьесулгун рагьараб кIалъай гьабурабго.**

Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасги гьеб жоялъухъ цIикIкIун кIвар кьола ва киназдаго малъула хъулухъчи кIваравгIан халкъалдехун гIагарав вукIине кколаян.

Гьебги мисалалъе босун, районалъул тIадчагIаз сентябрь моцIалъ тIобитIана чамалиго данделъи. Къасд гьабуна сонида жаниб ихдал цо нухалъ гурони гьабулареб хъутабазда данделъи, лъабго моцIида жаниб цо нухалъгIаги гьабизе, щайгурелъул хъутабазда бугеб нилъер районалда халкъалъ кидаго зигара бала районалъул хIакимзаби цIакъ дагъал гурони щоларила жидер ругел гIузрабазухъги гIунгутIабазухъги хал гьабизе. 29-абилеб сентябралъул итни къоялъ щвана киналго раоналъул идарабазул нухмалъулелги, районалъул бетIер ГIалиханов МухIамадги, районалъул администрациялъул бетIер Ражабов Ражабги ва гьел гурел цоги районалъул хIакимзабиги. Гьадинабго данделъи ихдалги тIобитIун букIана май моцIалда.



БатичIо батIияб щибниги хисараб жо. Долго гIадамалги, долго гIунгутIабиги. Радал сагIат ичIго тIубаралдаса данделъи байбихьизегIан, школазда, больницабазда, ясли-ахазда ва гьел гурел идарабазда хал-шал гьабулеб букIана районалъул нухмалъулез. Школазул бицани гIага-шагарго релълъараб буго киса-кибего ахIвал-хIал. Гьениб кинабгIаги жо хисизабизе ихтияр гьечIо районалъул, щайгурелъул школалги ясли-ахалги районалъул лъайкьеялъул идараялъул нухмалъиялде гъоркье унаро, гьел уна гIатIиракьалъул школазе тIалаб гьабулеб ТУОялъул (Территориальное управление образования) нухмалъиялде гъоркье.

Лъабго гьоркьохъеб школалдаги щвана, амма хIикмалъи гьабизе ккараб жо цо батана: киналго школазда 40% лъимал дарсазде хьвадулел гьечIо. Жакъасеб къоялъ гьеб цIакъ захIматаб хIал буго эбел-инсуца лъималазе тарбия-лъай кьеялъе кIвар кьун гутIи. КIудияб гIунгутIи буго гьаб заманалда лъимал школалде хьвадунгутIи. Цоял унтун ругила, цогидал гьава-бакъ квешаб букIун рокъорго хутIун ругила, лъабабилел дора-гьанир Ростовалда пер бахъизе ун, бетIербахъи гьабулел ругила.

*Ахир 2 аб. гьум.*

РОСАБАЗДЕ САПАРАЛ

# ЖАМАГIАТАЛЪУЛГУН РАГЬАРАБ КАЛАМ

**Сентябралъул анцIила ичIабилеб къоялъ радал районалъул нухмалъулезул къотIи ккана лъебел мухъалъул ва ЛъаратIа районалъул рищунго чIахIиял росабазул цояб ЦIумилухъ росулъе сапар бухьине. Гьединго февраль моцIалдаги щун рукIана ниж гьенире, амма доб мехалъ гIилла батIияб букIана, росулъ рагьун букIана кIудияб мажгит, цIикIарал гIалимзабиги ахIун, республикаялъул динияб идараялдаса чагIиги щун. Гьаб кIиабилеб исанасеб сапар гьебго ЦIумилухъ росулъе щвеялъул мурад букIана лъебелазул жамагIаталъулгун дандчIвай гьабизе, ай рагьараб къагIидаялъ жамагIаталъ жодорго суалалги рорхизе, районалъул нухмалъулез гьезие кколел жавабалги кьезе.**

ЦIумилухъе гьеб къоялъ щвана районалъул бетIер ГIалиханов МухIамад, районалъул администрациялъул бетIер Ражабов Ражаб, больницаялъул бетIерав врач Юсупов Асадула, ЛъаратIа токалъул сетазул нухмалъулев Гайдаров Къурбан, РОВДялъул начальник Къурбанов Къурбан, районалъул нухал гьариялъул отделалъул начальник Мусаев ГIумар, редакциялъул, телевидениялъул, культураялъул хIалтIухъаби ва цоги идаразул нухмалъулел.

Радал сагIат анцIго тIубаралдаса нахъе байбихьана школалъул, ясли-ахалъул, библиотекаялъул, ФАПалъул хал-шал гьабизе. Школалъулгун ясли-ахалъул цо-цо бакIалда Ражабов Ражабица гьитIинаго гIунгутIаби рихьизаруна ва амма ахIвал-хIал гьениб лъикIаб бугин тана. Хъашаб хIалалда бугоан росдал культурияб рукъалъулги библиотекаялъулги.



ГIицIго гьениб ремонт гьабунгутIи гуреб, гьенире хьвадулел чагIи цIакъ къанагIатго гурони гьечIилан бицана гьелда хурхун районалъул бетIерас цIех-рех гьабидал росдал культурияб рукъалъул цо хIалтIухъанас. Гьелъие гIилла щиб?

ГIадамазул гIамал-хасиятги, лъималазе кьолеб тарбияги заманалда рекъон цIакъго хисун бугила, хIатта цо-цо эбел-инсуца лъимал школалдасаги махIрум гьарун толайила. Цебеккунги рагIун букIана гьединаб хIал ЦIумилухъ бугилан, амма гьаб нухалъ кинабго мухIканлъана.

*Ахир 2 аб. гьум.*

ДАНДЧIВАЙ

# НУХАЛ, ЛЪИМАЛ ВА ЛЪИМ ГЬЕЧIЕЛ КАНАЛАЛ

## Районалъул нухмалъулел гIатIиракьалда ругел районцоялгун дандчIвана

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

БичIчIуларо, кин эбел-инсуца гIумруялъул бищунго кIвар бугел, лъай тIалаб гьабизе колел къоял Ростовалъул порол авлахъазда тIамизе риччалел? ТIоцебе эбел-инсуца жидерго лъималазе тарбияги лъайги кьезе ккolaян малъарал руго нилъ умумуз.

Шедрин, Тельман ва Ленин колхозалде щвана ниж. ГIалиханов МухIамадица рихьизаруна кинал ругел гIунгутIаби ва сундехун цIикIун кIвар буссинабизе ккoлебали. Гьединал гьитIиналго гIунгутIабиги рихьизарун, сагIат кIиго тIубараб мехалъ Шедрин байбихьана тIолалго нилъер районалъул жиб-жиб колхозалъул гIадамалги данде гьарун кIудияб данделъи.

Районалъул бетIер ГIалиханов МухIамадица бицана кинаб лъугьараб нилъер районалъе араб ва исанасеб сон, кинал хIалтIаби гьаризе кIварал, кинал жеги цере чIун ругел ва кигIанаб бугеб жакъасеб къоялъ рес, гIунгутIаби тIуразе ккани. Нилъер киназдаго лъала хъутабазда щил масъалаби церечIун ругел: нухазулги, ракьазулги, лъим жаниб гьечIел лъел мухъазулги, токалъулги, школазулги ва гьел гурел цоги суалалги, амма гьел суалазе жавабал ратизе кIоларого чамалиго сон сверулеб буго.

Гьаб ахирисеб данделъиялда киналго суалал гIадамазда ричIизариялъул мурадалъ цадахъ рачана Бабаюрталъул нухал гьариялъул идараялъул бетIер Къурбанов ХIайбула, ТУОялъул нухмалъулев ДжахIбаров Шапи ва «Дагсельхозстрой» компаниялъул нухмалъулев Муталибов Муталиб. Ражабов Ражабица рагIи кьуна тIоцебе Къурбанов ХIайбулагьие нухазул суал борхизе.

ГIемер рукIуна суалал гIадамазул нухал гьариялъул рахъалъги. ХIайбулагьица бичIчIизабулеб букIана, кинабниги хъутаналда нухал гьариялъе лъагIалие кьун бугила 420 азарго гъуруш гIарац, гьелдасаги нух битIизабизе, чабах тIамиялъе бихьизабун бугила 200 азарго гъуруш гIарац. ТIолабго нухлулги бихьизабураб гIарацги хIисаб гьабун цIакъго дагьал ресал ругила киса-кирего букIине кколеб даражаялда нухал гьаризе. Гьелъ бугила гIадамазул гIарза, жиндаса бажарулеб хIалтIи гьабулеб бугила. ГIемераб хIалтIи бигьалъизе бугила гьал ахирал соназда гьабизе планалда бугеб Качалай-Туршунай нухалда хъил тIун рагIалде бахъани, гьеб суалги республикаялъул даражаялда роцIине ккараб бугила. Гьел рагIабазда лъугIизе тана ХIайбулагьица хабар.

КIиабилеб суал лъай кьеялъул букIана. КIалъазе цеве вахъана ТУОялъул нухмалъулев ДжахIбаров Шапи. Аслияб масъала букIана тIадехун дица рехсараб лъималазул дарсиде хьвадунгутIиялъул. Гьелда рекъон тIоцебе кIвар кьезе кколила эбел-инсуцагун классалъул нухмалъулез, щиб гIиллаялъ лъимал школалде риччалел гьечIел.

БакIалъул полициялъул хIалтIухъанасги тIалаб гьабизе кколила кив вугев пуланав цIалдохъан ва щиб иш гьес гьабулеб бугебали хал ккезе. «Нилъеда лъала жакъасеб къоялъ хасго гIолохъанаб гIел цIунизе ккoлеблъи терроризмаялдасагун экстремизмаялдаса. Цоги районазда данде ккун ЛъаратIа район гьеб рахъалъ гIадлу бугеб батаниги кIвар кьезе тIадаб буго жив-жив инсанас терроралдаса жиндирго лъималги, яцвацалги, гIагарлъиги цIунизе», - ян абуна гьес. Гьединго тIаде жубана ДжахIбаровас, кIудияб цебетIей бугила нилъее Ирбагьинотар рагьараб цIияб 320 цIалдохъанасе бихьизабураб школа байги. Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас гIемер квербакъи гьабулеб бугин гьединал ишазулъ ва гьесулго кумекалдалъун жеги гIеме-гIемер жал щвалде щолел ругила.

КидагогIадин гьанжеги рукIана гIодорчIаразул гIемер суалал ракьазул рахъалъ. Ракьал хIалтIизаризе кIолел гьечIила лъелмухъазда жаниб лъим гьечIолъиялда бан. Щай гьел лъел мухъазда жаниб лъим бакъвараб ва щиб гьелъие «дару»?

Гьелъул хIакъалъулъ бицана районалъул УСХялъул нухмалъулев МухIамадов ХIажияс. Нилъер хъутабазда ругила кIиго батIиял лъелмухъал, цоял росабазда гьоркьосел цогидал росабазда жанисел. Росабазда жанир ругел каналазе хIукуматалъ бихьизабураб гIарац гьечIила гьел рацIад гьаризе ккани, гьезие кIвар кьезе кколила жалго росдал гIадамаца, гIадамал ругьунлъун руго доб цебе колхоз бугеб заманалда гIадин, бокьараб бакIалде лъим щун, гьанже гьединал ресал щолел гьечIила. Министерство Миллиорации и водного хозяйства буго росабазда гьоркьосел аслиял, пачалихъалъул балансалда ругел лъелмухъал рацIцIад гьаризе ккараб идара. Гьел каналазеги проектги бахъун гIарац биччалеб къагIида гьечIо министерствоялъ, гIицIго субсидиял кьей гурони. Субсидиязул жавабги СПКялъул нухмалъулез кьезе кколила. ЦIумилюхъ, Джурмут, Победа, Мазада СПКязе ва гьединго ПК «Забота» гьезие риччан руго гьел субсидиял ва гIагараб заманалда хIалтIаби тIуразе ккола гьез. ХIасил калам, цIиял законазда рекъон росабазда жанир ругел каналал рацIцIад гьариялъул хIалтIи гьабизе ккола жалго росабаз. Амма гьезул гIемерисеб мехалъ гьелъие рес букIунаро.

Нилъер хъутабазда гIузраби гIемер руго, амма хьул буго гьадинал данделъабазул хIасилазда гьел дагьлъизе. Данделъаби гьарурабго гIадамазда ва магIишатазул нухмалъулезда лъала пуланаб суал роцIцIине ккани лъихъе ине ккoлев ва щиб гьабизе ккoлебали. Лъалес лъаларесда абула. Чанго чи данделъараб бакIалда цоясда лъачIони цогидасда лъала битIараб хIукму къотIизе.

Гьеб гуребги, дица тIадехун рехсараб гIадамазулгун хIакимзабазул бухьен чIезабиги кIвар бугеб суал буго. Гьединлъидал, районалъул нухмалъулезда ракIалда буго гIадамазулгун дандчIваял жеги гьаризе. Хадусеб нухалъ гьел рачIиналде суалалги масъалабиги хIадурун чIезе бегьула гIадамал.

Гьадинаб ккана риргадулаб данделъи гIатIиракьалда ругел районцоязулгун.

Хабар лъикIаб рагIайги.

**РАСУЛ АБАКАРОВ**

РОСАБАЗДЕ САПАРАЛ

# ЖАМАГIАТАЛЪУЛГУН РАГЬАРАБ КАЛАМ

*Байбихьи 1 аб. гьум.*

БичIчулареб жо буго цо, школалде лъимал риччаларел эбел-инсул ботIрода жаниб щиб бугеб? Кинаб лъайгун, гIакълугун ва тарбиягун гьез лъимал гIумруялъул нухде щвезаризе хьул гьезул бугеб? Жакъасеб къоялъ лъимал школалдаса махIрум гьари кIудияб такъсир буго. Лъималазе лъай тIалаб гьаби ккола эбел-инсул тIоцересел масъалабазул цояб. Динияб рахъги, дунял гьабиялъул рахъги рекъон гьабизе лъангутIи буго нилъер цо-цо гIадамазул унти гIадаб жо. Школалда малъараб гIанасеб лъай щвечIев чиясул динияб рахъ цебе тIейги суалал кьолел рукIана электросетазул начальник Гайдаров Къурбание, тIасияб участок букIиналъги батула гIемер ток тIагIунеб бугила, хасго лъебелазул, кьаналазул ва тIомуразул мухъалде, цо-цо мехалъ къалила ремонт бугин абун ялъуни ток цIуниялъе (экономиялъе) гIоло. Щай гьеб гьедин бугилан абураб суалалъе Гайдаров Къурбаница жаваб кьуна ток къаялъе гIилла букIанин ЛъаратIа бугеб трансформатор хашаб букIин ва гьелде хIал кколеб букIин. ГIагараб заманалда гьеб хисизе буго ва ток къаялъул суал тIокIаб борхизе ккеларилан рагIи кьуна Къурбаница.

Районалъул администрациялъ-



щаклъи бачIунеб жо буго. Нилъеда исламияб диналъ малъулеб буго бокьараб гIелму лъазабизе кколин инсанас, гьезул цоялъ цогидалъе квалквал гьабуларин. Цо-цо гIалимзабаз рикIкIуна жакъасеб къоялъ терроризмаялдаги, экстремизмаялдаги, рохьоре унел гIолохъабазулги балагьал ругила гIемерисеб лъай гьечIолъиялда бараб. Рагьун гьедин бицунеб буго республикаялъул бетIерасги. Дагъистаналда ругелщинал унтабазул аслияб гIилла бугин культурияб рахъ мукъсанаб букIин абун лъазабуна гьес риидал тIобитIараб культурияб форумалда. Гьедин бицана районалде щарабгоги.

Гьедин киса-кирего росулъги щун, рузманалъул какги бан, росдал жамагIаталъулгун нижеца дандчIвай гьабуна ЦIумилухъ росдал культурияб рукъалъул кIудияб залалда. ТIоцебе ЦIумилухъ администрациялъул бетIер Къурбанов Рамазаница рагIи кьуна районалъул бетIерасе.

ГIалиханов МухIамад: «Ассаламу гIалайкум лъебелазул жамагIат! Нижеца жакъа къотIи гьабуна нужохъе гьоболлъухъ щвезе, нужоргун рагьараб калам гьабизе, кинал рукIине ругел жамагIаталъул тIадкъаял ва кинан нижеца гьел щвалде щун тIуразаризе ккoлел. Лъебелазул жамагIат кидаго букIана захIмат бокьулел, хIалтIуде гъира бугел, ниж гIенеккун руго ножор суалазухъ, кинабго жо гьаб сагIаталъго тIубазе кIолел чагIи нижги гуро, амма бажараралъуб кумек гьабизе тIадаб буго нижеда». ЖамагIаталъул суалал гIемерал рукIана, щибаб росдал чагIазе рагIи кьолеб букIана цере рахъун суалал кьезе. ГIемерул бетIер Ражабов Ражабица жиндие рагIи кьун кIалъалаго бицана, жакъасеб къоялъ нилъее кIудиял бигьалъаби ругила республикаялъул президент нилъерго ракьцояв вукIиналъ. Гьесухъе бокьараб районалъул суалалъ рагьараб нух бугила, гьедин араб ва исанасеб соналъ гIемерал хIалтIаби гьарун рахъанила президентасул кумекалдалъун, районалде нухда хъил тIеялда тIад хIалтIулел районалда рагьулеб бугин цIияб поликлиника, садик ва гьел гурел цоги социалиял идараби рагьиялъул хIалтIи хех гьабун ине бугин. Жеги гIеме-гIемер гьарурал хIалтIабазул бицана райадминистрациялъул бетIерас. Гьединго цоги идарабазул церехъабазде гьитIиналго суалал рукIана жамагIаталъул. ЦохIого масъалаби рехсон хутIичIо. Цо кIудияв чияс нухал гьариялъул начальник Мусаев ГIумарие кьуна кIудияб баркала нухал къачIаялъе квербакъи ва хIаракат гьабиялъухъ. Гьарана щулияб сахлъи ва роххел гьесие. ЖамагIат разияв хIалтIухъан ватизеги кидаго захIматаб букIунелъул. Жеги гIемер рукIана жамагIаталъул суалал киналго рехсон хIал гIеларо, аслиял суалал дица кагътиде росана. Гьедин, данделъиялда хадуб культураялъул хIалтIухъабаз гьитIинабго концерт, кьурдиги бихьизабун лъугIизе тана иргадулаб данделдъи.

P.S. Росабазда ругел масъалаби рехсезе районалъул нухмалъулел щвечIониги, ругел масъалаби кагътиде росизе ва нижер газеталде ритIизе рес буго. Нижеца хIаракат бахъилан нужер суалазе жаваб ралагьизе ва бугеб ахIвал-хIал бичIчIизабиялда тIад хIалтIизе.

**РАСУЛ АБАКАРОВ**

ЛИТЕРАТУРИЯБ ГЬУМЕР

# Церехъабазул кучIдул

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ЦЕБЕРАГIИ: Гьанже заманалда муниципалияб газета хIисабалда ЛъаратIа районалъул газеталда цебе бугеб масъала цохIо районалда ругел лъугьа-бахъиназдалъун лъугIуларо. Нижер редакциялъул гIаммаб пикруялда рекъон, газеталда цере ругел аслиял масъалабазул цояб ккола цIияб гIелалъе тарбия кьеялъул масъала. ЦохIого цо масъалаби цере лъеялдалъун лъугIуларо иш. Гьоркьехун кьолел нилъер умумузул халкъияб кIалзул гьунаралдаса росарал, тарихчагIазгун фольклор бакIарулел гIалимзабаз данде гьарурал кучIдуз инсан ахIула ритIухълъиялде, бахIарчилъиялде, ватIан бокьиялде. Бищунго ЦIоралде гIагардегIанаб районги букIун, чабхъадулъ аслияб гIахьаллъи гьабурал нилъер умумузул рукIа-рахъин, мацI, гьезул хасиятгун гIумру-яшав гьал кучIдузулъ бихьизабулеб букIинги хIисабалде босун, редакциялъ хIукму гьабуна зама-заманалдаса газеталда чабхъадул кучIдул кьезе.**

## ЦIоралде чабхъад ин

БачIинеб рагIула ЧIарбихъа[1] гIурус
Абулеб абиго имансизазул.
Горда курмал ццучIел берцинал ясал,
Чодрол кIалтIе рачун, рикьилин абун.
Михъда хIур кIутIичIел гIисинал васал,
Ордуялъур рачун, хъвехъелин абун.
Гьединал хабарал жидед рагIидал,
КIалцIуца цулъарал кьариял чуял,
Хъат кьабун кьолона дол бекьдерица.
МицIир меседилал мисри хвалчаби[2]
Чархалда ккунила ансадерица.
ХъабагIали[3] ана ХъахIабросулъа
ХъахIабросугун бекь цадахъги рачун.
ГIусманилав[4] ана Унсоколоса
ЦIоралъул хIал лъалел хьиндалал рачун.
Я, Аллагь, ратаги ЧIарбихъи гIурус,
Мисри хвалчабазул чапи бихьизе.
Орду чIван батаги ЧIарби магIарда,
Дурусал хъирмазул речIчIи бихьизе.
Гьенисаги рилълъун, магIарде щвана,
Орду чIван батана ЧIарби магIарда.
Горда курмул хъвачIел берцинал ясал
Чодрол кIалтIе рачун, рикьун ратана.
Михъда хIур кIутIичIел гIисинал васал,
Ордуялъухъ рачун, хъвехъун ратана.
Ниж жанир рукIунел билал рагъаби
Витриял топаца риххун ратана.
Зиярат гьабулел муцIидул рукъзал,
Нартил цIаги бакун, рухIун ратана.
Эхехун байдаби гIурусахъ руго,
Эхедехун мугIрул гIазул цIун руго.
Чанги вакъарасе квине квен кьурал
БиликIаниб шагьар[5] цIед бухIун буго.
РачIун магIарулал жанир хьихьараб
ЧIарлъул улкаялда[6] хъал лъугьун буго.
ГIалхул чангун кьалал гьолодисезе
ГIайиб гурищха нуж гьединан тезе.

## Унсоколоса ХIожо

Дуниял бегаги Гаваз[7] ханасе,
Хиянат-рекIкIалъе руккелал гьурав.
Гьара бачIун чIвайги ЧIегIерав Герги[8]
Галаналда[9] нахъа хъаравул тарав.
ТуманкI речIчIейила ЧIегIер ХIожода,
Хвалчад кьабейила дов лекIул[10] чукъби.
ТуманкI речIчIилаан ЧIегIер ХIожода,
ЧIегIераб чармилъе гулла кин кьалеб?
Хвалчад кьабилаан лекIул чукъбузда,
Хъазмил буцуралъан би чвахиладай?
Гьединаб хIалалда хIамул гуржиял
Галамалда нахъа хъаравуллъуда.
Хъурмазул кармангин[11] Корогъли[12] гIадав
ГIадаласул гьалмагъ ХIажимухIамад[13],
ХIал бикьизе вачIун ХIожо Сабуда[14].
Сабуда дарьял[15] Натли Симонихъ[16]
Сангаралда тIаде жал швараб мехалъ,
АхIдезе рекIуна мацI лъалев хъазахъ:
Хъулбузул щулияб гачица бараб,
Маххуца къакъараб Къадру хъаладухъ[17]
Хъаравуллъун тарал таватиязул
ТуманкIул цIадулъан рорчIарал кинан?
Кутакалъ рагъулел, гъуждул гургинал
Гавазил чукъбузул кIалден[18] хвалчбаз
Ухъахъалда[19] жаниб нух кин биччараб?
–ГIенеккея, хIама — хIама гуржияв,
Хъулбузул щулияб, гачица бараб,
Маххуца къакъараб Къадру хъаладул
Къадалги хутIичIо, щущазабуна.
Гьениб хъаравуллъи таватиязул
ТуманкIул цIадуца рухIун рехана.
Кутакалъ рагъулел, гъуждул гургинал
Гавазил чукъбузда чол лал тIамуна.
Эзда тIад рукIарал кIалден хвалчаби
КIи-кIи цо-цоясе гьал бахIарзазул.
Би гьекъон, гьан кунеб капурлъиялде
Карпитул[20] цIад балел цIу гуржиязде,
Те, ле, Симонил си[21]– рухI босилало[22],
Рагъуларищ гьатIан бетIер къотIаяс.
– Тела Симонил си — босуге дир рухI,
Рагьила гьатIанрукъ — къотIуге бетIер.
Гьеб кIиябго рагIи кIалалъги абун,
ГIанкIилаб кIанцIигун кIудияв хIама,
ХIамилаб гьагIигин, гьвелаб вортигин
ГьерекIлил къавуде ахIи тIамизе.
АхIи бан вачIарав ЧIегIерав Гергид
Таргар гьабунила ГьерекIли ханас:
– Сабуда ухъахъул хъухъуйгин гъугъай



**Немцазул художник Теодор Гордшельтил сурат: Наиб Шаго возвращается с похода. ТарихчагIазул баяназда рекъон, гьев ккола Шамилил наиб Анцухъа Шагьав**

Гъугъдулъе цIадхIаллъун иххилцин гурищ?
–Сабуда ухъахъул хъухъуйгин гъугъай
Гъулдулъе цIад хIаллъун иххилни гуро,
ГанчIил ракIал ругел магIарулазул
МагIида хутIаял хъирмазул буго.
Хъаладул рахъалде гороги бачIо,
БачIана гуллил цIад, хъала чIунтараб,
Натли Симонихъе – нижеде тIаде,
ТIаде Къадруялде – доб хъалаялде.
Гуллил кIкIуй бетана таватияздa.
Гуллид хъала чIункъун ЧIегIерав ХIожо,
ХIалае хунз бачун, рахсил кьо бахун.
– Хъулбузул щулияб, гачица бараб,
Маххуца къакъараб Къадруги бахун,
КъвачIил карман бачун киве, лекIуяв?
Гачица къачIараб Къадру халадухъ
Хъаравуллъун тарал таватиязул
ТуманкIул гулликьан рорчIарал кинан?
Кутакалъ рагъулел, гъуждул гургинал
Гуржи кIацабазул[23] кIалден хвалчабаз
Ухъухъалда жаниб нух кин биччараб?

## Меселасул хIакъалъулъ кечI

Дуниял бигъаги Гаваз ханасе,
Ансухъ[24] рачIайилан кагътал рачIарав.
Чиго хутIугеги Кахет боялда,
Меселав вачеян чапар гIунтIарав.

Меседил магIу тIун, гIодилей дун тун,
Меселас герана гургинал мугIрул.
ГIарцул хIухьел биччан, угьдилей дун тун,
Тирун ана лачен ТIинди кIкIалахъе.

Меселав ЦIоров щун щуго къо байдал,
Хабар бачIанила бухIаб ЦIороса,
Вай, Меселав наиб хванилан абун.

Холаро, холаро нижер Меселав,
Эхев лъаргIив ана боял рачине.
Хвезе чара гьечIо кьолбол бидулав,
Гьидерил чукъбигун Хурда[25] ватила.

Эхев лъаргIив индал, боял рачине,
Дур цIахIил гIаларча магьилъ свердулищ?
Гьидерил чукъбигун Хурда вугелъул,
ТIулалъул яцаца чухъа ретIунищ?

РачIунел рагIула эхе лъарагIал,
Гавази къварилъухъ къайи чIвалилан,
Къурели, Сабуда сухIмат лъелилан.

Гавази къварилъухъ къайи чIвалебдай,
Кьол бакулеб чирахъ – нижер Меселав?
Къурели, Сабуда сухIмат лъолебдай,
Сапар бухьун арав мун вуссинчIелъул?

Сурхайил рокъобе меседил кьолден
ГIукIдул ккун щущана тIад Ширакалда.
Инсул кавудахъе нуралъул хIуби,
Байган[26] беганадай жаниб ЦIоралда?

Азарго чи гIолев чи вукIунаро,
Чи гIун мун хведалго херлъарав эмен.
ЧагIи холеяли лъилгоги гIадат,
Огь, мун хваралдаса херлъарай эбел.

Яцаца лъутIараб хатайдул[27] гужгат
Бихьуларищ, яцал, гьудулалъ ретIун.
Гьудулалъ букъараб чIегIераб чухъа
Балагье, кьерилал, тIулилалъ ретIун.

1. ЧIарбихъ (ЧIарбилъ, ТIад Буртиялъ) – АнсалтIа росда аскIоб чачаназул ракь амма гьаниб ЧIарихъ абун букIине кколаан, щайгурелъул нахъехун ЧIар ва Билкан росабалъе гIурусазул боял рачIиналъул бицунеб бугелъул.
2. Мисри хвалчен – хвалчадул цо тайпа.
3. ХъабагIали – ХъахIабросулъа машгьурав бол цевехъан.
4. ГIусманилав – Унсоколоса машгьурав бол цевехъан ГIусманил МухIамад.
5. БиликIаниб шагьар – Билкан шагьар, гьеб 1803-б соналъ гIурусаз бухIун букIана.
6. ЧIарлъул улка – гьаниб ЦIоралъул ракь абураб магIнаялда, ЧIар абураб росдал цIаралдасан лъугьараб.
7. Гаваз (Гуваз) – гьаниб ханасул хасаб цIар гуро. Дагъистаналъул магIарулазда гьоркьор машгьурал Гуваз, Къурел (Къварели) ва цогидалги росабазул киназазда халкъиял кучIдузулъ ханзабиййилан абулеб буго. Гьаб кочIолъ рехсарав Гаваз хан ватизе бегьула Гуржистаналъул пачаясул вас Александрил рахъалда вукIарав гуржиязул цо киназ. ГIурус пачаяс Гуржистан кверде босиялде дандечIарав гьев Александр, лъутун вачIун, Дагъистаналда вахчун вукIана. Гьенир гьес жиндирго рахъ ккурал гIадамалги ралагьулел рукIана. Хасго гьесул рахъалда рукIана Анцухъ жамагIаталъул гIадамал. Гьаниб кIваркьезе ккела гуржиязул киназзабазда гьоркьоб бугеб рагъ-кьалалъулъ, гьезул цоязул рахъалда чIун, магIарулазул эркенал жамагIатазги гIахьаллъи гьабулеб букIараблъи кочIодаса баянлъулеб букIиналде.
8. ЧIегIерав Герги – гьав ватизе ккола Кахетиялъул бечедаб ва къо-асс бугеб тухумалдаса киназ Георгий Жоржадзе.
9. Галан – буцур, хъалаялъул къед.
10. ЛекIи (лекIу, лекIуяв) – гьедин абула гуржияз магIарулазда. Гьаниб «магIаруласул» абураб магIнаялда буго «лекIул» абураб рагIи.
11. Карман – къукъа, бо.
12. Корогъли – тюрк халкъиял асаразулъ рехсолев кутакав багьадур.
13. ХIажимухIамадги ХIожоги цого чи ккола.
14. Сабуда – Кахеталда бугеб Къурел районалъул Сабуе абулеб гуржиязул росу.
15. Дара – цIоралъул магIарулаз ва Анкьракь, Кьенсерухъ гьеб ираназул рагIи хIалтIизабула къварилъи, кIкIал хIисабалда.
16. Натли Симон — гьал рагIаби магIарул кочIолъ хисизарун кьун руго. БитIараб буго «Натлис Мцемели» – гьеб ккола Сабуда росулъан къватIир рахъун ЦIунтIа унеб Инцуда (Инцоба) къварилъухъ бараб буцур. Гьенисан тIадехун ун Къодор габурлъиги (гьаниб Къадру хъала абун хъван буго) бахун ЦIунтIа районалъу Хупри росулъе щола. Гьенибго бан букIана гьитIинаб гьатIанги гьеб цIунизе бараб букIана рехсараб къварилъухъе лъугьунеб бакIалда.
17. Къадру хъала – ЦIунтIаса Кахеталде унеб нухда Къадоралъул габурлъухъ бан букIараб хъала. Гьениб XIX-б гIасруялъул байбихьуда бодул чабхъеназда дандчIеялъе гIурусаз цIидасан бан букIана хъала.
18. КIалден – некIсияб хвалчадул цIар.
19. Ухъахъ – гьеб батизе ккола Сабудаялда аскIоб Кахетиялда бугеб цо расалъиялда цIар. Гьаб кечI гIурус мацIалде буссинабурав Багьадур Малачихановас хъвалеб буго некIо магIарулаз тIолабго Кахетиялда Ухъахъилан абулеб букIун батилилан.ЦIоралъул магIарулаз ухъахъилан абула рохьаз рацарал мугIрузулъ гIораз лъугьинабураб хьитI, кIкIалалда. Масала Билкангун Закатала мухъазул гIорхъода чвахулеб КIатIихъ-гIоралда гьез Ухъахъ-гIорилан абула.
20. Карпит – ез (рез).
21. Натлис Мцемели (тIадехун бугеб баяналде балагье).
22. Босилало – босилалде
23. КIацо – гуржи мацIалда «чи» абураб магIнаялъул рагIи. Цоцадехун кIалъалагоги абула «кIацоян».
24. Анцухъ – ЛъаратIа районалъул бакътIерхьуда бугеб улкаракьалъул цIар.
25. Хурда – гьидерил эркенаб жамагIаталъул бо бакIарулеб букIараб бакIалъул цIар.
26. Байган – унго.
27. Хатай – Китаялдаса бачIунеб букIараб хирияб ххам.

СПОРТ

# Дунялалъул чемпион

**Сентябрь моцIалъул ахиралда, Белоруссиялъул Минск шагьаралда тIобитIана правилаби гьечIел къецазул дунялалъулго чемпионат. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер ракьцояв, Гъведиш росулъа Мусаев Шамиль МухIамаднуровичас. Гьев цеве вахъана 77кг цIайиялда.**



ХIалуцарал къецазда ракIчIарал бергьенлъабиги росун Шамиль вахъана дунялалъул чемпионлъун. Гьединго Шамиль ккола кикбоксингалъул рахъалъ 2010абилеб соналъ дунялалъул ва Россиялъул чемпион. 2012абилеб соналъ гьев вахъана рагъулаб самбоялъул рахъалъ Россиялъул чемпионлъун, 2013абилеб соналъ вахъана Россиялъул чемпионлъун квержубараб рагъиялъул рахъалъ (рукопашный бой). Гьел руго нилъер ракьцоясул чIахIиял бергьенлъаби, жеги гIемерал чIахIиял бергьенлъабаз Шамилица нилъ роххизариялда щаклъи гьечIо, щайгурелъул гьесие гьанжегоганже тIубан буго 20 сон. Баркула районалъул жамагIаталда ва хасгьабун Гъведиш росдал жамагIаталда Шамилил кIудиял бергьенлъаби. Гьарула гьесие щулияб сахлъигун чIахIиял бергьенлъаби. Гьединал гIолохъаби нилъер районалъе гIемерлъаги.

**ЧАКЪАЛОВ**

# Гран-приялъул чемпион

**Исана 13-14 абилеб сентябралда тIоритIана Хорватиялда дзюдоялъул рахъалъ халкъазда гьоркьосел къецал. Гьениб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул ЧIадаколоб росулъа 81кг цIайиялда цеве вахъунев, кIицIул Европаялъул чемпион Сиражудин МухIамадовас.**

ХIалуцарал къецазда щуго нухалъ дандечIвайги гьабун бергьана Сиражудин ва босана меседиль медаль. Финалалда гьес къезавуна Панамерикаялъул хIаязул кIицIул призер Америкаялдаса Тревис Стивенс.

Дагьалъ цебе Челябинск шагьаралда тIобитIараб дунялалъул чемпионатазда Сиражудин МухIамадовасе гIарцул медаль щвана командаязул къецазда. Дзюдоялъул къецазда рукIуна цо-цо турнирал, жал дунялалъул ва Европаялъул чемпионатазда кIудияб кIвар бугел. Турнил Большого шлема абула гьезда. Гьединалго турнирал руго Гран-при. Гьениб бергьенлъи босарал дзюдоистазе щола хасал балал халкъазда гьоркьосеб дзюдоистазул рейтингалда.

Аслияб къагIидаялъ гьелъул хIасилалда рекъон хIукму гьабула Олимпиадаялде ритIизе ялъуни тезе абураб суалалъе. Эркенаб гугариялда гIадин Россиялъул чемпионаталда бергьарал ритIуларо батIиял кIудиял къецазда гIахьаллъизе, ритIула ахираб заманалда батIи-батIиял турниразда рихьизарурал гIаммал хIасилалги хIисабалде босун. Гьеб рахъалъ нилъер ракьцояв вуго жиндирго категориялда дунялалда машгьурав спортсмен ва бокьарал къецазда бергьенлъи босизе рес бугев дзюдоист.



Гьединлъидал, нилъ роххарал руго Сиражудинил бергьенлъабазда ва хал ккун буго гьесул щибаб цевевахъиналъухъ. Гьарула гьесие хадубккун тавпикъ.

**ЧАКЪАЛОВ**

# СПОРТ ШКОЛАЛДАСА БАЙБИХЬИЗЕ ККОЛА

**Нижеца ичIабилеб сентябралда ДЮСШялъул хIалтIухъабигун цадахъ къасд гьабуна ЛъаратIа районалъулросабалъе щвезе, цIияб 2014-2015 абилеб цIалул соналде кинаб спортивияб хIадурлъи бугебали хал-шал гьабизе.**

Сапаралде рахъана ЛъаратIа ДЮСШялъул нухмалъулев Ражабов Ибрагьим, гьесул заместитель Насрулаев АхIмад ва цоги хIалтIухъаби. Дир аслияб мурад букIана цIияб цIалул соналде школазул хIадурлъиялъул хал гьаби, гьединго росабалъ щиб хIажатаб бугелъулги хал гьаби. ДЮСШялъул нухмалъулесул тIалабчилъиялда рекъон, районалде щолел руго спортивияб къайи, гугариялъул ургуял ва гь. ц. ГьабсагIат щибаб росулъ ДЮСШялъул тренерал хIалтIулеб бакIалда гугариялъул ва цоги спорталъул алатал руго, тренераздасаги тIалаб гьабулеб буго ракIбацIадаб хIалтIи.

Районалъул рищунго кIудиял росабазул цояб ккола ЦIумилухъ росу, гьениб гIумру гьабула азарго гIанасев чияс, амма гьеб росулъ жамагIаталъе сахлъи цIуниялъе киналгIаги шартIал гьечIо. ЦIумилухъа гIодоблъиялде гочунев чиги гьечIо, кьойидасан кьойиде цIи лъолел ригьзаби руго. ЦохIого цо школалда аскIоб буго гьитIинабго майдан, гугариялъул зал, гьеле гьеб буго росдал гIолилал ракIарулеб бакI. Гьеб школалъе нухмалъи гьабулеб буго анцIила ункъо соналъул хIалбихьиги бугев тIалабчилъиги бугев мугIалим МухIамадов Шамилица. Школалъе кIиго соналъ ремонталъе гIарац биччан гьечIо, амма лъикIго хIадурун буго цIияб цIалул соналде.

Дир хIисабалда гьеб росдае цIикIун хIажатаб жо буго цIияб спорталъул рукъ бай, щайгурелъул санадаса санаде гIадамалги цIикIунел руго, гьединго гIолохъабиги руго спорталъе гьира бугел. Нилъеда лъала ЦIумилухъ росулъ кидаго рукIана гугари бокьулел гIолохъаби. Дун гьалгъан хутIана СанигIортIа росдал жамагIаталъ мугIрул бетIералда жодоцаго гьабулеб хIалтIи бихьун. Гьез унго-унгояб гьитIинаб стадион бан бугоан, гьеб жеги лъугIун гьечIо, амма гьениб волейбол, баскетбол, мини-футбол ва рекериялъул нухал гьединго ядро рехизе гIураб майданлъи гьабун буго цебехун къедги бан ва анкьго метралъул рогIралги лъун. Бокьилаан гьеб росдае администрациялъ ва цоги районалъул идарабаз кIвараб кумек гьабураб ани. Унго-унгоял магIишат гьабулел ва хаслихълъуде хIадурулел ратана ГьенекIолоб ва Къамилухъ росдал гIадамал. Белъалда ва Къамилухъ школазда цере руго лъикIал майданал, гьел майданазда гьабизе бегьула гьитIинабго стадион, амма школазул спортивияб комитеталъ гьеб хIалтIи рагIалде бахъун гьечIо жеги. Гьединаб хIал буго Щидиб, Кьардиб, ЧIадаколоб школазда, лъикIаб зал буго Гьиндиб школалда, амма площадказул мухIканлъи чIезабун гьечIо. Школазда бугеб спорталъул хIакъалъулъ ва тренеразул хIалтIул хIасилал гьарила жеги ДЮСШялъул хIалтIухъабаз.

**ЧАКЪАЛОВ**

ДАНДЕЛЪИ

# РАЙАДМИНИСТРАЦИЯЛДА ИРГАДУЛАБ ДАНДЕЛЪИ ТIОБИТIАНА

**Сентябралъул къоло щуабилеб къоялъ ЛъаратIа администрациялда тIобитIана иргадулаб данделъи. Лъаларо сунца тIамурал гьаб моцIалъ, цересел данделъабазда данде ккун, зал цIурал чагIи щвана.**

Данделъи тIобитIулеб букIана районалъул администрациялъул бетIер Ражабов Ражабица. Гьоркьоб лъураб аслияб суал букIана, исанасеб цIияб 2014-2015 абилеб цIалул соналде ясли-ахазулги, школазулги, библиотекабазулги ва гьел гурел цоги лъай кьеялъул идараялде гьорлъе унел бакIазул хIадурлъиялда хурхараб. Цеве вахъун кIалъазе рагIи кьуна районалъул лъайкьеялъул цIияв нухмалъулев, Меджидов Сулеймание. Гьес бичIчIизабулеб букIана кинаб бугеб лъайкьеялъул идараялъул жакъасеб къоялъ бугеб ахIвал- хIал ва кинаб букIараб цебеккунго живго хIалтIуде щвезегIан. Нилъеда лъавухъе Сулейман хIалтIуде вачIана гIага-шагарго цо ункъо моцIалъ цеве. Районалда лъай кьеялъул иш хасго хъашаб хIалалда буго, республикаялда ЛъаратIа район буго гьеб рахъалъ ахирисеб бакIалда. Лъаларо сунца нилъ гьедин нахъе цIалел, амма хьул буго цIияв нухмалъулев таралдаса нахъе нилъ цере тIезе лъай кьеялъул рахъалъ.

Киназдаго бичIчIулеб батила цIияв нухмалъулевги тIамун гьес ахIвал-хIал хисизабизе гIанасеб заман инчIо жеги. Сулейманил докладалъухъ гIинтIамурабго бичIчIана ЧIорода школа къан бугила, байбихьул классалги нахъе цIунун. Щай гьеб къараб абураб суалалъе гьес жаваб кьуна, гIураб къадаралъул лъимал школалде хьвадунгутIиялда бан абун. Нилъеда лъала ахирал соназда нилъер гIадамаз, хасго районалъул тIасияб мухъалъул росабаздаса, доре-гьанире, цоги районазде цIализе лъимал ритIула, хIатта гьениб цIикIун лъай кьолеб гьечIониги. Буго гьелъул цоги, гьел лъималазул эбел-эмен ричIчIизе бегьулеб рахъги. Масала, цо пуланав чиясда гьикъана дица, щай дуца росулъго гьоркьохъеб школаги тун, дурго гьитIинаб лъимер рикIкIаде интернаталде рехулеб? Гьес абуна, кинха дица росулъго телеб дирго лъимер, химиялъулги, авар мацIалъулги, историялъулги дарсал цого цо мугIалимас кьолеб мехалда абун. Дие бокьун бугила дирго лъимадуе лъикIаб лъай кьезе, гьединлъидалила дун тIамулев вуго лъимер цоги бакIалде кьезе. ХIасил-калам, школазда щибаб предметалъул мугIалим вукIунгутIиялъ тIамулел руго эбел-эмен рахъ-рахъалде интернатазде лъимал кьезе. Меджидов Сулейманица тIаде жубана, гьелда сверухъ хIалтIаби гьарулел ругин ва гIолохъанал мугIалимзаби киса-кирего чIезарилин.

КIиабилеб суал букIана Начада администрациялъул исанасеб соналъ гьарурал хIалтIабазул доклад. Гьеб суалгун цевевахъана Начада администрациялъул бетIерМеджидов ГIабдулагь. Гьесул доклад халатаб букIана, гьарурал нухазулги, рарал кьоязулги ва.гь.ц. ГIагараб ЛъаратIа газеталъул номералда цIализе бегьила нужеца гьеб. Кин бугониги росдал администрациязул бутIрул бадирчIваял щвечIого хутIичIо, лъагIалида жанир гIемерисел росдал администрацияз тIобитIулеб гьечIо цо-кIиго гурони культурияб данделъи, хIатта гьелъие бихьизабураб харжги гIарацги бугила киназулго.

**ЧАКЪАЛОВ**

## НИЛЪЕР РОСАБИ



Салда росу

**Редактор:** Расул Абакаров
**Газета гIуцIарал:** ЛъаратIа районалъул администрация ва редакциялъул хIалтIухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цIуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хIужаби ритIарал рукIиналъул жавабчилъи тIаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечIого рукIинеги бегьула.

**Адрес редакции:** 368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж 800 экз. Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Заказ № _______
Подписано в печать 30.09.2014